



8 avril 2020

## AVI MEDIKAL: COVID-19 AK ITILIZASYON MASK POU KOUVRI FIGI YO KI FÈT AK RAD YO

Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH) la kontinye etidye epi fè entèkansyon kont pwopagasyon an ak efè viris SARS-CoV-2 a, ki lakòz maladi COVID-19.

Etid resan yo te montre ke gen yon pòsyon konsiderab moun ki enfekte ak viris la ki se moun ki pa prezante sentom yo. Moun ki pa prezante sentom yo, menm si yo evantyèlman vin devlope sentom yo, ka transmèt viris la bay lòt moun anvan yo montre sentom yo. Sa vle di ke viris la ka pwopaje ant moun ki nan pwoksimitè tou pre yo — pa egzanp, lè yo ap pale, lè yo touse, oswa etènne — menm si moun sa yo pa prezante sentom yo nan moman an.

Lè yo konsidere nouèl evidans sa a, NYSDOH sipòte manm popilasyon an ki chwazi mete mask pou kouvri figi yo ki fèt ak rad yo nan anviwònman piblik yo, kote li difisil pou kenbe mezi distans sosyal yo (pa egzanp, magazen alimantè ak famasi yo), **espesyalman** nan zòn kote ki gen transmisyon konsiderab nan kominote yo.

Li enpòtan pou nou souliye ke kenbe distans sosyal yo, lè nou ap rete a omwen 6 pye youn de lòt lè nou an piblik epi rete lakay nou lè sa posib, li krisyal pou nou ka ralanti pwopagasyon viris la, menm si nou mete yon mask ki kouvri figi nou. Pandan ke mask pou kouvri figi yo ki fèt ak rad yo ka pa anpeche nou vin enfekte, yo ka ede ralanti pwopagasyon akòz moun ki gen viris lan epi ki pa okouran de sa.

Nou ka itilize mask pou kouvri figi yo ki fèt ak rad yo ke to te kreye ak atik ki gen nan kay yo oswa ke yo te fè lakay yo ak materyèl komen ki pa chè yo, kòm yon mezi sante piblik volontè adisyonèl, an plis de distans sosyal yo te rekòmande a. [Mask chirijik ak respiratè N-95 yo se materyèl krisyal ke nou dwe kontinye rezève pou pwofesyonèl sante yo ak lòt premye sekouris yo.](#)

Lè yo mete mask pou kouvri figi yo ki fèt ak rad yo, moun New York yo ta dwe:

- Asire yo ke yo byen kole sou figi yo, epi ke yo kouvri nen ak bouch yo.
- Chanje epi lave yo souvan lè yo sal oswa lè yo mouye.
- Pa vin konplezan ak lòt mezi pou pwoteje yo.
  - Pa manyen mask kouvèti ki fèt ak rad la a oswa figi yo.
  - Kontinye rete vijilan epi byen lave men yo yon fason minisye epi fè sa souvan.
    - Dlo ak savon, oswa dezenfektan pou men ki a baz alkòl yo ki gen omwen 60%+ alkòl ladan.
  - Pratike etikèt respiratwa yo epi kouvri bouch yo lè y'ap touse oswa etènne.
  - Pratike distans sosyal - menm lè yo mete mask.
  - Rete lakay yo epi ede redwi tandans lan!

Ale sou sit entènèt COVID-19 NYSDOH la pou jwenn plis enfòmasyon sou paj:

<https://www.ny.gov/coronavirus>.